



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOLONGASYON PATENARYA AVÈK  
HELLOFRESH POU KONBAT ENSEKIRITE ALIMANTÈ PAMI VETERAN YO**

***Kolaborasyon an te deja bay plis pase 200,000 repa pou veteran ak fanmi militè  
yo k ap fè fas ak mank manje nan Vil New York pandan 2020 an***

***Pwogram lan fonde sou inisyativ reyisi Nourish New York Gouvènè Cuomo a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwolongasyon patenarya ant Eta New York ak konpayi twous repa prensipal la, HelloFresh, ki konsantre sou livre twous repa gratis bay veteran ak fanmi militè yo nan Vil New York ki aktyèlman ap fè fas ak ensekirite alimantè. Depi lè patenarya sa te etabli nan jiyè 2020, HelloFresh te bay plis pase 200,000 repa nitritif pou veteran ak fanmi militè yo nan Vil New York k ap fè fas ak ensekirite alimantè akòz COVID-19 la. Kounye a, New York ak HelloFresh ap pwolonje kolaborasyon sa a jiska dezyèm trimès 2021 an, sa k ap asire ke veteran ak fanmi militè yo nan Vil New York ap kontinye resevwa repa nourisan sa yo pandan mwa difisil ki gen pou vini yo. Patenarya sa a te posib gras ak kolaborasyon avèk Kanpay Kont Grangou A (The Campaign Against Hunger), Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services) Vil New York la ak Black Veterans for Social Justice pral bay manje bon kalite atravè distribisyon chak semèn.

"Gen twòp manm sèvis nan kominote nou yo ki te oblije andire obstak pandan pandemi COVID-19 la, epi, malerezman, youn nan bagay sa yo se te mank manje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Espesyalman pandan moman ensèten sa yo, li enpòtan pou nou asire gason ak fanm brav yo ki te sèvi nasyon nou an gen aksè ak manje nitritif epi kontinyasyon kolaborasyon reyisi sa a avèk HelloFresh pral ede asire ewo sa yo pa rete grangou."

Kanpay Kont Grangou A, Black Veterans for Social Justice, ak Depatman Sèvis Veteran Vil New York yo pral kontinye sèvi kòm kolaboratè nan inisyativ sa a, rasanble chak semèn nan katye jeneral Kanpay Kont Grangou A nan Brooklyn pou resevwa livrezon manje HelloFresh, triye ak anbale manje a sou fòm twous repa, epi distribye manje a bay Veteran ak fanmi militè yo k ap fè fas ak ensekirite alimantè nan vil la.

"N ap ranbouse dèt nou dwe veteran nou yo lè nou asire yo gen bon travay, kay ki desan ak manje fre", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou mwen wè konpayi New York yo tankou HelloFresh ki mobilize ak fè patenarya avèk Eta New York pou asire veteran nou yo pa rete grangou akòz COVID-19 la."

Modèl inik sa a angaje veteran yo k ap fè volontarya pou sèvi lòt veteran te bay nesans ak twa lòt Pwogram Alimantè pou Veteran nan Bronx, Buffalo ak North Country. Gen lòt efò parèy nan kòmansman ete 2020 an ki te bay plizyè dizèn milye bwat manje Nourish New York ak bwat manje Agrikiltè bay Fanmi (Farmers to Families) Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture, USDA) an pou veteran ki nan Lwès New York yo, te distribiye chak semèn pami Western New York Heroes ak FeedMore WNY. Yon nouvo branch nan inisyativ sa a, ki konsantre sou bay manje nourisan pou veteran ak fanmi militè yo nan rejyon North Country, pral kòmanse mwa sa a, avèk Konsèy Konjwen pou Opòtinite Ekonomik nan Konte Clinton ak Franklin (Joint Council for Economic Opportunity of Clinton and Franklin Counties) ak Ajans Sèvis Veteran Konte Clinton (Clinton County Veterans Service Agency) ki pran inisyativ pou kowòdone efò sa a sou teren.

Ensekirite alimantè a kouran anpil pami veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi yo. Depatman Afè Veteran Etazini (United States Department of Veterans Affairs) rapòte ke veteran yo ki te sèvi nan lagè nan Irak ak Afganistan gen de fwa plis posiblite pou soufri ensekirite alimantè an konparezon ak popilasyon jeneral la.

Gen yon etid 2018 ki te montre gen 1.5 milyon veteran nan Etazini ki t ap viv nan kay ki depann konplètman sou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) pou konplete konsomasyon alimantè yo. Yon rapò Sant sou Bidjè ak Priyorite Règleman (Budget & Policy Priorities) te pibliye nan mwa janvye 2020 te montre ke nan Eta New York poukont li, gen 59,000 veteran ki konte sou benefis SNAP yo pou nourri yo menm ak fanmi yo — yon kantite ki vin pi mal akòz enpak negatif COVID-19 la.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare,** "Mwen vle remèsye HelloFresh pou patenarya li nan jwenn manje fre pou bay veteran ak fanmi militè New York yo pandan moman estresan sa a. Pwogram sa a fonde sou efò reyisi Nourish New York pou konekte kiltivatè yo ki te pèdi mache pou pwodui yo avèk fanmi k ap lite kont ensekirite alimantè pandan pandemi an. Nan kad sa a, Nourish New York kontinye konsantre li sou jwenn bon manje nan New York bay kominote veteran nou yo".

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare,** "Ensekirite alimantè malerezman afekte anpil moun ak fanmi nan New York, sa gen ladan veteran yo ki te sèvi nasyon ak fanmi nou yo avèk lonè. Nou kapab kòmanse ranbouse dèt rekonesans nou bay Nouyòkè sa yo lè nou garanti yo gen bon manje nitritif pandan moman difisil k ap evolye nan kriz sante piblik aktyèl sa a. Nou kontan wè pwogram sa a bati sou gwo siskè Nourish New York epi nou fyè pou nou sipòte yon patenarya ki pral asire veteran eta nou yo jwenn manje pou nourri fanmi yo pandan moman nesosite yo".

**Joel Evans, Direktè Ekzekitif Adjwen nan Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la, te deklare,** "Okenn Veteran pa ta dwe janm konfwonte ak mank manje pou tèt yo oswa pou manm fanmi yo. Nou konnen malerezman gen twòp veteran ak fanmi militè k ap fè

fas ak difikilte, epi nou angaje nou pou fè tout sa nou kapab pou konbat pwoblèm sa a. Nou konnen kriz COVID-19 la poko fini, epi nou pa kapab fin remèsye HelloFresh dèske yo bay tan yo ak resous yo pou kontinye patenarya k ap chanje lavi sa a. N ap kontinye remèsye tou Kanpay Kont Grangou A, Black Veterans for Social Justice ak Depatman Sèvis Veteran Vil New York pou sipò yo nan efò sou teren yo ki rann misyon sa a yon siksè chak semèn".

**Komisè James Hendon, Depatman Sèvis Veteran Vil New York la, te deklare,** "Chak jou, nou wè enpak COVID-19 la ak rankontre veteran ki gen ensekirite pou manje ki te fè tranzisyon sòti nan konbat sila yo ki te ka fè Etazini mal pou pase nan konbat risk ki asosye ak grangou. Atravè patenarya nou avèk HelloFresh, Kanpay Kont Grangou A, Black Veterans for Social Justice ak Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la, n ap bay repa ki sen bay sila yo ki te byen sèvi nasyon nou an ak fanmi yo. Nou rekonesan ke kolaborasyon sa a te pwolonje epi nou pa ka tann pou kontinye efò nou yo pou asire pa gen okenn kay veteran nan Vil New York ki rete grangou pandan moman difisil sa yo".

**Direktè Egzekitif HelloFresh US, Uwe Voss, te deklare,** "Asire tout moun gen aksè ak manje fre, sen se yon bagay santral pou misyon nou nan HelloFresh. Pandan ensekrite alimantè a kontinye entansifye akòz pandemi ki ankou a, nou fyè pou nou pwolonje patenarya enpòtan sa a avèk Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou pote bay veteran ki merite yo ak militè fanmi yo repa nourisan chak semèn".

**Wendy McClinton, Direktè Egzekitif Jeneral, Black Veterans for Social Justice, te deklare:** "Black Veterans for Social Justice, Inc santi li onore epi konte sa kòm yon privilèj pou sèvi veteran nasyon nou an avèk menm angajman, lwayote ak valè pil gason ak fanm sa yo te sèvi peyi nou an. N ap kontinye mete fòs nou avèk Depatman Sèvis Veteran Vil New York la, Kanpay Kont Grangou A ak HelloFresh pou mete fen nan epidemi ki lakòz "Mank Manje" pami veteran yo ak kominote yo rete yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)